

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, ku kituna kudu dibarengan ku métode anu tangtu. Métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan maké téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Panalungtikan ngeunaan ajén étnopédagogi tina naskah *SUD* karya Wahyu Wibisana mangrupa panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan anu maké léngkah-léngkah sistematis pikeun nafsirkeun data dina wangun déskriptif. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 3) nu nétélakeun métode déskriptif mangrupa panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis, anu tujuanana pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis ajén étnopédagogi tina naskah *SUD* karya Wahyu Wibisana.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta rarancang panalungtikan (*action plan*) kagiatan nu runtuyanana sistematis tur logis, matalikeun antara patalékan panalungtikan nu kudu dijawab jeung kacindekan panalungtikan. Lian ti éta desain ieu téh mangrupa jawaban ngeunaan masalah panalungtikan. Désain panalungtikan dihartikeun minangka rarancang nu nuduhkeun panalungtik dina prosés ngumpulkeun, nganalisis, jeung ngainterprétasi data. Lian ti éta, aya ogé désain panalungtikan nu mangupa peta konsép, atawa rarancang sangkan panalungtikanana bisa nyumponan kana tujuan anu dimaksud.

Désain dina ieu panalungtikan miboga sababaraha tahapan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 61) léngkah panalungtikan ngawengku milih masalah, studi pendahuluan, ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, nangtukeun pamarekan, jeung sumber data, nangtukeun jeung nyusun instrumén, ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung nyieun kacindekan. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan, digambarkeun saperti di handap ieu.



**Bagan 3. 1**  
*Désain Panalungtikan*

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 308) mangrupa léngkah nu mimiti dina panalungtikan. Sabab, tujuan utama dina panalungtikan nyaéta meunangkeun data. Lamun teu apal kana téhnik ngumpulkeun data, hartina panalungtik teu bisa meunangkeun data nu nyumponan *standarisasi* data nu geus ditetepkeun.

Ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun meunangkeun data. Sugiyono (2012, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur-literatur ilmiah. Ku kituna, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun ngumpulkeun

data ku cara maca sumber data nyaéta naskah *SUD* karya Wahyu Wibisana, dibarengan ogé ku data séjén nu ngarojong sarta anu raket patalina jeung struktur drama jeung unsur naskah drama, ogé sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Salian ti éta, dina ngumpulkeun data ogé maké téhnik wawancara bébas pikeun meunangkeun data ngeunaan sumber data. Wawancara bébas mangrupa téhnik meunangkeun data ku cara nangtukeun pertanyaan sacara bébas asal luyu jeung tujuan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 199). Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta.

#### 1) Observasi

Nurutkeun Nasution dina Sugiyono (2012, kc. 310) observasi mangrupa dadasar pikeun sakabéh élmu pangaweruh. Dina observasi ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data ku cara ngébréhkeun sacara nerangkeun ka sumber data (*informan*), yén ngedalkeun patalékan téh saenyana keur ngalaksanakeun panalungtikan. Jadi informan geus mikawanoh ti mimiti nepi ka bérésna ngeunaan kagiatan panalungtik. Téhnik obserasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data naskah drama *SUD* karya Wahyu Wibisana. Tahapan observasi ieu ngagunakeun tahapan observasi *terfokus*. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 316) observasi terfokus mangrupa observasi nu geus diheureutan pikeun leuwih difokuskeun kana aspék nu tangtu.

#### 2) Talaah Pustaka

Téhnik talaah pustaka mangrupa panalungtikan nu dilakukeun di ruang pabukon pikeun maluruh jeung nganalisis data nu sumberna ti pabukon. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara macaan buku-buku sumber nu aya patalina jeung konsép, tioritis katut bahasan pasualan panalungtikan.

Sugiyono (2012, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur-literatur ilmiah. Studi pustaka ieu téh diwengku ku maca buku, jurnal, artikel, jeung karya tulis séjénna nu aya patalina jeung studi struktural, unsur jeung ajén étnopédagogi.

#### 3) Dokumentasi

Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 329) dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa nu geus kajadian. Dokumén bisa mangrupa gambar, tulisan, atawa karya monuméntal salah saurang. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung naskah dina gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana ku cara ngumpulkeun data anu mangrupa gambar atawa vidio.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 335) analisis data mangrupa prosés néangan jeung nyusun kalayan sistematis, boh data tina hasil wawancara, catetan lapangan, ogé dokuméntasi ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, milih mana nu leuwih penting tur bisa ditalungtik, sarta nyieun kacindekan sangkan bisa dicangkem ku diri sorangan ogé ku jalma séjénna. Analisis data kualitatif sipatna induktif, hartina ngolah data dumasar kana data nu geus dicangking, satuluyna dimekarkeun pola hubungan nu tangtu nu bisa jadi hipotésis.

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisis data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan sababaraha téhnik. Kahiji nganalisis struktur naskah drama *SUD* karya Wahyu Wibisana, kadua nganalisis unsur gending karésmen *SUD* karya Wahyu Wibisana, katilu nganalisis ajén étnopédagogi nu nyampak dina naskah drama *SUD* karya Wahyu Wibisana. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap didadarkeun panta-panta dina nganalisis data.

- (1) Maca naskah sagemblengna.
- (2) Ngaidéntifikasi struktur carita dina naskah gending karesmén..
- (3) Ngaidéntifikasi unsur carita naskah dina gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana.
- (4) Ngaidéntifikasi ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana.
- (5) Ngadéskripsikeun data.

### 3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun nyangking jeung ngabagi data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah anu keur ditalungtik. Instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih gampang dina prosés panalungtikan kalawan hasil nu lengkap tur sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumén dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktur, unsur, jeung ajén étnopédagogi dina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana.

Dina struktur carita naskah drama, maluruh ngeunaan aya henteuna struktur naskah drama dina sumber data anu ditalungtik.

**Tabél 3. 1**  
*Struktur Naskah Drama Gending Karesmén*

Struktur Carita dina Naskah	Naskah Gending Karesmén “SUD” Karya Wahyu Wibisana	Cutatan Naskah
Prolog	✓	<p>Kaayaan panggung ngagambarkeun buruan tempat ulin barudak. Di dinya aya wawangunan anu bisa dipaké dariukna.</p> <p style="text-align: center;"><b>Babak 1</b></p> <p style="text-align: center;"><i>Adegan 1</i></p> <p>Barudak lalaki awéwé arasup ka panggung. Gundukan barudak awéwé misah ti gundukan barudak lalaki.</p> <p><b>Barudak awéwé:</b></p> <p><i>Yu urang ulin,</i> <i>ulin di buruan,</i> <i>buruan nu lega,</i> <i>lega alam dunya,</i> <i>dunya urang tepak</i> <i>tepak sing nyakakak,</i> <i>hahahahahahahahaha</i></p> <p><b>Bareng:</b></p> <p><i>Yu urang ngawih,</i> <i>ngawihna sing bareng</i> <i>bareng urang ngapung,</i> <i>ngapung tuh ka langit,</i> <i>langit urang toél,</i> <i>toél sing ngahéhéh,</i> <i>héhéhéhéhéhé</i></p>

Struktur Carita dina Naskah	Naskah Gending Karesmén “SUD” Karya Wahyu Wibisana	Cutatan Naskah
Dialog	✓	<p>Nini : “Kadieu, Aki, hayang bakakak?”</p> <p>Aki : “Ah embung, sieun anjing”</p> <p>Nini : “Tong sieun, anjingna gé geus dicancang kabéh”</p> <p>Aki : “Embung sieun digogog”</p> <p>Nini : “Tong sieun, anjingna ogé geus paraéh”</p> <p>Aki : “Embung, sieun kutuna”</p> <p>Nini : “Geuwat kadieu, Aki, ieu peuncit hayam!”</p>
Babak	✓	4 Babak
Adegan/scene	✓	18 Scenes
Kramagung	✓	<p>Nini : “Geuwat kadieu, Aki, ieu peuncit hayam!”</p> <p>(Aki ngadeukeutan Nini. Kek leungeum Nini dicekel, tuluy dilékék kawas nu keur meuncit hayam)</p>
Solilokui/monolog	-	-
Aside	-	-
Épilog	✓	<p>Abad dua puluh hiji, karaos sakedap deui, éta abad gaduh abi, sumuhun teu lepat deui. YaAlloh abdi nya muntang, ka Anjeun nu sakalintang pasihan pituduh jalan,</p>

Struktur Carita dina Naskah	Naskah Gending Karesmén “SUD” Karya Wahyu Wibisana	Cutatan Naskah
		<i>jalanna kasalametan.</i>

Dumasar kana tabél di luhur, aya dua struktur naskah drama nyaéta monolog jeung aside anu teu nyampak dina naskah gending karesmén *SUD*.

### 3.4 Data jeung Sumber Data

#### 3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi nu mangrupa buku sumber nu aya patalina jeung panalungtikan, jurnal, jeung sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

#### 3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data mangrupa subjék anu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data nu aya dina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana nu ngawengku struktur, unsur, jeung ajén étnopédagogi nu aya dina naskah gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana.

### 3.5 Idéntitas Naskah Drama

Judul : *Si Ujang jeung Doraémon*

Pangarang : Wahyu Wibisana

Taun Dijieunna: 2018

Kandel Buku : 120 kaca

Warna Jilid : Biru



Naskah drama *SUD* aya dina buku *Tembang Pagerageungan* kaca 82-108 nyaritakeun ngeunaan kaayaan barudak nu keur arulin di lemburna. Barudak téh kakawihan, tembang pagerageungan, jeung pupujian. Waktu caang bulan jeung ucing Candramawat (ucing Nini Antéh anu matuh di bulan). Teu lila ti dinya datang Doraémon jeung Nobita nu jauh-jauh ti Nipon (Jepang) rék milu ulin. Mimitina maranehna téh akur, teu kungsi lila Doraémon jeung Candramawat paséa, paréa-réa omong nepi ka garelut. Ku sabab kampung Si Ujang nu katempo ku Candramawat mah warna konéng, sedengkeun nu ka ciri ku Doraémon mah warna hideung. Candramawat keukeuh nyebut konéng ku sabab manehna inget ngeunaan uga anu diturunkeun ku karuhunna. Doraémon ogé bener ku sabab Tasikmalaya mangrupa lembur nu miboga industri. Tuluy dipisahkeun ku Si Ujang yén Candramawat jeung Doraémon téh bener, euweuh nu salah. Sanggeus kitu ditutup ku pupujian.